

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan média audio dina pangajaran ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Hasil ngaregepkeun dongéng siswa kelas XII SMK Pasundan 1 Bandung kelompok ékspérimén saméméh ngagunakeun média audio lobana aya 36 urang (80%) mangrupa gambaran kaayaan siswa anu dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng, sedengkeun sésana 9 urang (20%) mangrupa kaayaan siswa anu dianggap geus mampu ngaregepkeun dongéng. Rata-rata skor siswa dina waktu tést awal nya éta 12,62. Saenggeus dibéré perlakuan ngagunakeun média audio, hasilna aya 38 urang siswa (88,44%) anu dianggap geus mampu dina ngaregepkeun dongéng, sesana aya 7 urang siswa (15,56%) anu dianggap can mampu pikeun ngaregepkeun dongéng anu daria sanajan geus dibéré perlakuan média audio ogé. Rata-rata skor ahir siswa dina tést ahir nya éta 18,00.
- 2) Hasil ngaregepkeun dongéng siswa kelompok kontrol saméméh dibéré atawa dijelaskeun ngeunaan matéri dongéng anu geus disayagikeun aya 33 urang (73,33%) mangrupa gambaran kaayaan siswa anu dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng, sedengkeun siswa anu lobana aya 12 urang (26,67%) mangrupa kayaan siswa anu dianggap geus mampu ngaregepkeun dongéng

anu ngajawab sakabéh pancén ngeunaan dongéng anu geus disayagikeun, sanajan skor anu dihontalna kurang nyugemakeun. Rata-rata skor siswa anu geus kahontal dina waktu tés awal nya éta 13,07, tapi saenggeus dijelaskeun ngeunaan matéri dongéng, hasilna katingali aya 22 urang siswa (48,89%), mangrupa gambaran kaayaan siswa anu dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng. Sedengkeun sésana 23 urang siswa (51,11%) mangrupa kaayaan siswa anu dianggap geus mampu ngaregepkeun dongéng. Rata-rata skor siswa anu geus kahontal nya éta 16,27.

- 3) Hasil observasi anu dilaksanakeun di kelompok kontrol jeung kelompok ékspérimén anu sumber datana ngagunakeun bahan pangajaran ngaregepkeun dongéng, hasilna katingali yén  $t_{itung} = 4,16 > t_{tabel} = 2,63$ , jadi aya béda anu signifikan dina kagiatan diajarna. Dina waktu tés awal kelompok kontrol jeung kelompok ékspérimén méh sarua, nya éta siswa langsung dibéré pancén pikeun ngeusian soal sakamampuhna. Dina kagiatan tés ahir, kelompok kontrol mah dongéng anu disadiakeun téh ngan saukur dibacakeun, teu ngagunakeun média audio, sedengkeun kelompok ékspérimén mah dongéng anu disadiakeun téh ngagunakeun média audio dina tés ahirna. Hasilna katingali gedé pisan bédana sanggeus siswa dibéré pancén. Kelompok ékspérimén mah hasilna ngaronjat pisan, sedengkeun kelompok kontrol mah najan hasilna ngaronjat tapi kurang nyugemakeun. Hal ieu salasihijina dilantarankeun ku minat siswa pikeun diajar ngaregepkeun dongéng leuwih resep maké média audio tibatan teu maké media audio.

- 4) Dumasar kana hasil ngitung uji t, hasilna nunjukkeun yén  $t_{itung} = 7,79 > t_{tabel} = 1,99$  hartina  $H_1$  ditarima. Hal ieu nyindekkeun yén kamampuh ngaregepkeun dongéng anu ngagunakeun média audio (kelompok ékspérimén) leuwih luhur upama dibandingkeun jeung anu teu maké média audio (kelompok kontrol). Hartina aya béda anu signifikan antara hasil tés ahir kelompok ékspérimén jeung tés ahir kelompok kontrol. Lain ti éta, aya béda anu signifikan ogé antara kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng anu maké perlakuan média audio jeung anu teu maké média audio.
- 5) Tina hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén média audio téh éféktif pikeun dilarapkeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu rék ditepikeun, nya éta:

- 1) Média audio bisa dijadikeun salasahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.
- 2) Pikeun guru, sangkan pangajaran ngaregepkeun anu ngagunakeun média audio bias leuwih optimal, matéri anu rék ditepikeun kudu diluyukeun jeung kamampuh siswa éta sorangan.
- 3) Minat sarta karesep siswa kana tradisi Sunda, salasahijina dina ngaregepkeun dongéng perlu dironjatkeun deui lantaran dina kagiatan ngaregepkeun dongéng anu maké média audio, minat siswa katingali jadi ngaronjat pisan.

Ku kituna, média audio perlu digunakeun dina kagiatan ngaregepkeun hususna dina kagiatan ngaregepkeun dongéng.

- 4) Média audio bisa dijadikeun sarana anu éféktif dina pangajaran ngaregepkeun. Siswa bakal leuwih sumanget dina diajarna, ngaornjat dina kamampuhna, jeung kahontal tujuan pangajaran. Ku kituna, sakola perlu ngayagakeun sarana pikeun pangajaran, salasihijina sarana pangajaran anu mangrupa média audio pikeun ngaronjatkeun mutu pangajaran.
- 5) Perlu diayakeun panalungtikan di sakola séjén pikeun bahan babandingan yén média audio téh éféktif pisan digunakeun dina kagiatan diajar, hususna pangajaran ngaregepkeun.
- 6) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun média audio.